दिन—गुरूवार दिनांक—09.07.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह अवैध घुसपैठ, सीमा पार सँ मादक पदार्थ के तस्करी, ड्रोनक बढ़ैत खतरा, जनसांख्यिकीय बदलाव आ सीमा सुरक्षा के आओर बेसी सुदृढ़ बनेबाक आवश्यकता पर जोर देलनि अछि। श्री शाह आइ नव दिल्ली मे सीमावर्ती जिला सभक पुलिस अधीक्षक के वार्षिक सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। एहि सम्मेलन मे बिहारक वरिष्ठ अधिकारी सहित सभ सीमावर्ती जिलाक पुलिस अधीक्षक लोकनि सेहो सम्मिलित भेलाह।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी प्रदेश मे एक करोड़ नव राशन कार्ड बनेबाक निर्देश देलनि अछि। मुख्यमंत्री विभागीय योजना सभक आ सार्वजनिक वितरण प्रणाली के लऽकऽ आइ पटना मे केंद्रीय उपभोक्ता मामिला आ खाद्य तथा सार्वजनिक वितरण मंत्री प्रल्हाद जोशी के संग समीक्षा बैसक कयलनि। बैसक मे मुख्यमंत्री विभागीय योजना सभक लाभार्थी लोकनिक डेटाबेस तैयार करबाक आ राशन वितरण व्यवस्था सुनिश्चित करबाक लेल कहलनि अछि। केंद्रीय मंत्री बिहारक ऑनलाइन सार्वजनिक वितरण प्रणाली के संचालनक सराहना कयलनि। श्री जोशी कहलनि जे बिहारक विकास लेल आ जन कल्याणकारी योजना सभक प्रभावी क्रियान्वयन मे केंद्र सरकार सभ संभव सहयोग करैत रहत। बैसक के दरमियान बिहारक अक्षय ऊर्जा रोडमैप, प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना आ प्रधानमंत्री कुसुम योजनाक क्रियान्वयनक सेहो समीक्षा कयल गेल। बैसक मे खाद्य आ उपभोक्ता मामिलाक मंत्री अशोक चौधरी, ऊर्जा मंत्री शैलेश कुमार, विभिन्न विभागक वरिष्ठ अधिकारी तथा सभ जिलाधिकारी वर्चुअल माध्यम सँ सम्मिलित भेलाह।

---

बांकीपुर विधानसभा सीटक उपचुनावक लेल भाजपा प्रत्याशी अभिषेक कुमार आइ अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी, सांसद रविशंकर प्रसाद, जदयू प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा आ लोक जनशक्ति

पार्टी–रामविलासक सांसद शांभवी चौधरी सहित एनडीए के कतेको वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह। नामांकनक बाद आयोजित चुनावी सभा के संबोधित करैत भाजपाक वरिष्ठ नेता आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे उपचुनाव मे एनडीए उम्मीदवारक लेल कोनो चुनौती नहि अछि आ हुनक जीत सुनिश्चित अछि। चुनावी सभा के जदयूक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा सेहो संबोधित कयलनि। बाद मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे भाजपा प्रत्याशी अभिषेक कुमार अपन जीत के दावा करैत कहलनि जे हुनका कतहुँ सँ कोनो चुनौती नहि अछि।

एम्हर, राजद प्रत्याशी रेखा गुप्ता सेहो अपन नामांकन पत्र दाखिल कऽ देलनि अछि। एहि अवसर पर राजद सहित महागठबंधनक विभिन्न घटक दलक नेता लोकनि सेहो उपस्थित छलाह। श्रीमती गुप्ता पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे दावा कयलनि जे एहि उपचुनाव मे हुनक जीत निश्चित अछि। उपचुनाव मे जनसुराज पार्टीक प्रशांत किशोर एगारह जुलाई के अपन नामांकन पर्चा दाखिल करताह। नामांकनक अंतिम तिथि तेरह जुलाई धरि अछि, जखनकि प्रत्याशी सोलह जुलाई धरि नाम आपस लऽ सकैत छथि।

——————————————————————————

प्रदेशक सरकारी विद्यालय सभ मे कार्यरत शिक्षक लोकनिक बदली के लेल पोर्टल आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। एहि माध्यम सँ शिक्षक स्थानांतरणक लेल ऑनलाइन आवेदन कऽ सकैत छथि। शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि जे गुणवत्तापूर्ण शिक्षा के लेल सरकार स्थानांतरणक नीति बनौलक अछि।

——————————————————————————

आर्थिक अपराध इकाई के टीम आमदनी सँ बेसी संपत्तिक मामिला मे सीवान मे पदस्थापित उत्पाद निरीक्षक अंकेश कुमार गोंड के पटना, मुंगेर आ सीवान स्थित छओ ठेकाना सभ पर छापेमारी कयलक अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे जांच एजेंसी हुनक दानापुर स्थित आवास पर छापामारी कयलक। एकर अलावे, मुंगेर आ सीवान स्थित ठेकाना सभ पर सेहो छापामारी कयल गेल। सीवान मे अंकेश गोंड के भाय मुकेश सँ सेहो जांच टीम पूछताछ कयलक अछि। उत्पाद निरीक्षक पर आमदनी सँ दू सय प्रतिशत बेसी लगभग दू करोड़ अड़तीस लाख टाकाक संपत्ति बनेबाक आरोप अछि।

———————————————————————————————

जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष आ सांसर संजय कुमार झा मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के पत्रक माध्यम सँ दरभंगा स्थित मिथिला संस्कृत शोध संस्थान आ ऑक्सफोर्ड संस्कृत टेक्स्ट सोसाइटी के मध्य संस्थागत सहयोगक समर्थन करबाक अनुरोध कयलनि अछि। पत्र मे कहल गेल अछि जे एहि सहयोग सँ संस्थान मे संरक्षित हजारो दुर्लभ संस्कृत पांडुलिपि के वैज्ञानिक सूचीकरण, डिजिटलीकरण, संरक्षण आ अंतर्राष्टीय स्तर पर शोध तथा प्रकाशन के मार्ग प्रशस्त होयत।

———————————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेश मे लगातार वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान कटिहारक अमदाबाद मे सभ सँ बेसी एक सय आठ दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग काल्हि दरभंगा, मुजफ्फरपुर, पूर्वी चंपारण आ पश्चिमी चंपारण जिला मे किछु ठाम भारी वर्षा हेबाक चेतावनी जारी कयलक अछि। राज्यक आन जिला सभ मे सेहो वर्षा हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————————————

मधुबनी जिलाक फुलपरास थाना क्षेत्र सँ पुलिस एक तस्कर के तेरह किलो गांजाक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल